

Mask ak Pwoteksyon Figi pou COVID-19



- Ou oblije mete yon mask oswa pwoteksyon pou figi lè w nan kote piblik epi li pa posib pou w respekte distans sosyal la (kenbe yon distans omwen 6 pye [2 mètr]), amwenske w pa ka tolere yon mask pwoteksyon figi pou rezon medikal. Mete li tou lè w ap pran transpò piblik, lè w nan magazen ak lè w sou twotwa ki gen anpil moun.
- Timoun ki gen plis ke 2 zan dwe mete yon mask nan figi yo tou lè yo nan kote ki piblik. Timoun ki poko gen 2 zan PA dwe mete mask pwoteksyon nan figi yo pou rezon sekirite.
- Yo dwe fabrike mask pwoteksyon figi ki an twal yo avèk twal ki pa transparan lè w mete yo nan limyè. Se pou yo pwòp anvan pou yo sèvi ak yo.
- Itilize mask an papyè moun jete yo yon sèl fwa apre yon sòti nan kay la. Yo pa ka netwaye mask sa yo kòm sadwa.
- Pi bon fason pou evite COVID-19 se pou kontinye respekte distans sosyal la (respekte yon distans omwen 6 pye [2 mètr] ak zòt), **menm lè w gen yon pwoteksyon nan figi w.**

Mete Pwoteksyon Figi

- **OU DWE** lave men w ak savon epi ak dlo oswa si w pa genyen, mete dezenfektan pou men abaz alkòl, anvan w mete pwoteksyon w lan nan figi w.
 - Asire w ke sa k ap kouvri figi w la kouvri ni nen w ni bouch ou.
- **PIGA** kite mask ou pandye anba nen w oswa anba bouch ou oswa toutotou nen w. Li p ap ba w pwoteksyon w bezwen an.
- **PIGA** mete pwoteksyon figi a sou tèt ou, oswa piga mete-wete li an plizyè fwa. Yon fwa w mete l, kite mask pwoteksyon an anplas jiskaske w pa nan kote ki piblik ankò.

Wete Mask Pwoteksyon Figi a

- **OU DWE** lave men w ak savon epi ak dlo oswa si w pa genyen, mete dezenfektan pou men abaz alkòl, anvan w wete mask pwoteksyon an nan figi w.
 - Se band yo sèlman pou manyen lè w ap wete mask la.
 - Jete mask pwoteksyon figi a si li fèt pou jete. Si w ap itilize mask (twal) la ankò, mete l nan yon sache an papyè oswa yon sache an plastik pou pita.
- Lave men w ankò.
- Lè w ap netwaye yon mask pwoteksyon figi, **OU DWE** mete li nan machin-a-lave a (mete l sou reglaj dlo cho depreferans).
 - Seche l nan aparèy pou seche a nan gwo tanperati chalè. Lè l seche epi l pwòp, mete li nan yon sache papyè oswa nan yon sache plastik ki pwòp pou itilize pita. Si kote w rete a gen anpil moun, make non chak moun sou sache yo, konsa yo p ap melanje mask pwoteksyon yo.